



Pwoteje tèt ou kont fwod ak rakèt

Pi bon pwoteksyon ou ka gen kont fwod ak rakèt se chèche enfòmasyon! Apati prentan 2023 a, Eta New York pral rekòmanse egzamine kalifikasyon ak renouvèlman pou moun ki enskri nan Medicaid, Child Health Plus, oswa Plan Essential la. Menmsi ou ka bezwen fè demach pou renouvle asirans sante w oswa asirans manm fanmi ou, fòk ou di raketè yo ki ka eseye fè w peye pou renouvle asirans sante w la non. Ale sou nystateofhealth.ny.gov oswa health.ny.gov/medicaid pou konnen kijan pou renouvle asirans sante w.

Men kèk bagay pou w sonje pou ede w pwoteje tèt ou:

- Pa gen moun ki ka fè w peye okenn frè pou renouvle asirans sante w nan Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan an.
 - o Si w gen asirans sante atravè NY State of Health, gen anpil moun ki disponib pou ede w renouvle li gratis. Moun sa a yo se asistan enskripsyon NY State of Health bay otorizasyon (tankou gid sètifye, Ajan, ak Koutye) ak reprezantan sèvis kliyan. Ou ka jwenn èd nan nystateofhealth.ny.gov oswa **1-855-355-5777**.
 - o Si w te enskri pou Medicaid atravè [biwo Medicaid konte w la oswa atravè New York City's Human Resources Administration \(HRA\)](#), gen anpil moun ki disponib tou pou ede w gratis. Kontakte biwo kote ou te enskri a pou poze kesyon epi pou jwenn èd pou renouvle asirans ou.
- Kenbe enfòmasyon pèsonèl ou yo prive. Sèlman pataje enfòmasyon ou bezwen pou renouvle asirans la ak yon moun ou konnen ki swa:
 - o yon [asistan enskripsyon NY State of Health bay otorizasyon](#) oswa yon reprezantan sèvis kliyan;
 - o yon [yon anplwaye enskripsyon k ap ede granmoun aje, avèg ak moun ki gen andikap](#);
 - o oswa yon anplwaye nan [biwo Medicaid oswa HRA konte w la](#).
- Ajans gouvènman yo p ap janm menase w, mande w peye lajan, oswa mande w enfòmasyon sou kredi nan mesaj tèks oswa apèl telefòn.
- Chèche logo ofisyèl NY State of Health oswa Medicaid (nan tèt paj sa a) oswa logo [biwo Medicaid oswa HRA konte w la](#) anvan ou ranpli yon fòm.
- Pote Plent pou fwod ou sispèk.
 - o Rele sant sèvis kliyan NY State of Health la nan **1-855-355-5777**. Moun k ap itilize TTY yo dwe rele **1-800-662-1220**.
 - o Rele biwo Medicaid oswa HRA konte w la nan nimewo telefòn ki sou sit entènèt sa a health.ny.gov/medicaid.
 - o Kontakte liy asistans New York State Attorney General's Health Care la nan **1-800-428-9071** oswa liy asistans New York State Department of Financial Services Consumer nan **1-800-342-3736**.

Si ou pa kalifye ankò pou Medicaid, ou ka jwenn lòt asirans sante abòdab atravè NY State of Health. Pwoteje tèt ou kont rakèt ak moun ki pran pòz yo soti nan NY State of Health.

Chèche enfòmasyon:

- NY State of Health gen ekspè li fòme ki bay èd gratis pou ou jwenn plan sante ki bon pou ou a. Ou ka chèche èd nan sant sèvis kliyan an nan **1-855-355-5777** (TTY: 1-800-662-1220). Ou ka jwenn tou adrès gid sètifye, ajan, koutye, ak lòt asistan enskripsyon ki gen otorizasyon ki bay èd gratis nan nystateofhealth.ny.gov.
- Pa gen moun ki ka fè w peye okenn frè pou enskri nan asirans sante atravè NY State of Health. Gid sètifye, ajan, koutye, ak konseye pou ranpli aplikasyon ki gen otorizasyon pa mande w lajan pou enskri nan yon plan sante. Fè atansyon ak moun ki mande w yon frè ki an rapò ak enskripsyon.

Pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou:

- Kenbe nimewo pèsònèl ak nimewo kont ou prive. Pa bay konpayi ou pa te kontakte enfòmasyon sou kat kredi w oswa enfòmasyon ki gen rapò ak kont bank ou oswa lè w ap reyaji sou reklam espontane yo.
Remak: Si w jwenn èd nan sant sèvis kliyan NY State of Health oswa yon asistan enskripsyon ki gen otorizasyon, yo ka bezwen kèk enfòmasyon pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal ou pou yo ede w enskri.
- Pa janm bay okenn moun ki rele w, ki voye mesaj tèks ba ou oswa ki vini lakay ou san pèmisyon w enfòmasyon pèsònèl ou, menmsi yo di yo soti nan NY State of Health.

Poze kesyon epi verifye repons ou jwenn yo:

- Poze kesyon si yon enfòmasyon pa klè oswa si li mete w nan konfizyon.
- Ekri epi konsève non moun ki ka ede w la, non kote l ap travay la, nimewo telefòn, adrès, adrès postal, adrès imèl ak sit entènèt.
- Pa siyen anyen ou pa byen konprann.